# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–14 जनवरी 2026** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि किसान, राष्ट्र निर्माण में मजबूत भागीदार हवें आ उनके कोसिसन से आत्मनिरभर भारत अभियान के मजबूती मिलि रहल हौ। उहां के कहलीं कि केन्द्र सरकार, किसानन के मजबूत बनावे बदे प्रतिबद्ध बा अउर एकरे खातिर ढेरे कोसिस कइ रहलि हौ। श्री मोदी आजु सूचना अउर प्रसारण राज्य मंत्री डॉक्टर एल. मुरुगन क नई दिल्ली के आवास पर आयोजित पोंगल समारोह में कहलें कि पोंगल तिउहार जीवंत तमिल संस्कृति आ प्रकृति के साथे जुड़ाव क उत्सव ह।

**हमारे किसान राष्ट्र निर्माण के मजबूत साथी हैं, उनके प्रयासों से आत्मनिर्भर भारत अभियान को बहुत मजबूती मिल रही है। केंद्र सरकार भी किसानों को सशक्त बनाने के लिए प्रतिबद्ध होकर लगातार काम कर रही है।**

**********

देस के कई हिस्सन में मकर संक्रांति क तिउहार उछाह के साथे मनावल जा रहल बा। एगो रिपोर्ट–

**तिलवत् स्निग्धं मनोऽस्तु वाण्यां गुडवन्माधुर्यम्**

**तिलगुडलड्डुकवत् सम्बन्धेऽस्तु सुवृत्तत्वम्**

**मकर संक्रांति सूर्य के धनु राशि को छोड़कर मकर राशि में प्रवेश करने के उपलक्ष्य में मनाया जाता है। मकर संक्रांति को उत्तरायण की शुरूआत भी माना जाता है। आज ही के दिन सूर्य दक्षिणायन से उत्तरायण की ओर गमन करता है। मान्यता है कि आज के दिन किए गए दान, जप और स्नान का विशेष महत्व है। आज के दिन लोग पवित्र नदियों में स्नान करते हैं और तिल, गुड़, खिचड़ी, वस्त्र आदि का दान करते हैं। मकर संक्रांति का कृषि क्षेत्र में भी अत्याधिक महत्व है क्योंकि इस समय रबी की फसल पककर तैयार होने लगती है। यह पर्व समाज में भाईचारे और मेल–मिलाप का संदेश देता है। देश के अलग–अलग हिस्सों में मकर संक्रांति अलग–अलग नामों से मनाई जाती है। तमिलनाडु में इसे पोंगल, पंजाब में लोहड़ी, असम में माघ बिहू और गुजरात में उत्तरायण कहा जाता है। यह त्योहार हमें दान, सद्भाव और सकारात्मकता का संदेश देता है।**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी देसवासियन के मकर संक्रांति, पोंगल, माघबिहू आ लोहड़ी के सथहीं अउरियो तिउहारन क सुभकामना दिहले हवें। उहां के कहलीं कि ई 'एक भारत–श्रेष्ठ भारत' के भावना के मजबूत करे ला।

मकर संक्रांति तिउहार के ले के प्रदेस भर में उछाह क माहौल बा। कई जिलन में ई तिउहार सरधा–भक्ति आ उल्लास के माहौल में मनावल जा रहल हौ। सरधालु भोरवे से राज्य के प्रमुख नदियन के किनारे पहुंचि के सरधा क डुबकी लगा रहल हवें। हलांकि प्रदेस में मकर संक्रांति क मुख्य नहान बिहने होई। एगो रिपोर्ट–

**राज्य के कई हिस्सों में मकर संक्रांति जो कि माघ मेले का दूसरा महत्वपूर्ण स्नान है कल मनाया जाएगा। प्रयागराज के माघ मेला क्षेत्र में स्नान के लिए प्रशासन ने व्यापक व्यवस्था की है। कुल 12,100 फीट लंबाई में स्नान के लिए घाटों का निर्माण किया गया है, जिनमें चेंजिंग रूम, पूल, कियोस्क, शौचालय आदि सभी जरूरी बुनियादी सुविधाएं मौजूद हैं। सुशील चंद्र तिवारी आकाशवाणी न्यूज लखनऊ।**

गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिरो में मकर संक्रांति बिहने मनावल जाई। ओइजा मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ येह मौका पर बिहने तड़के गुरु श्री गोरक्षनाथ के चरण में रिवाज के मोताबिक खिचड़ी चढ़इहें। मंदिर में सरधालुअन के ओरि से खिचड़ी चढ़वले क सिलसिला अजुये से सुरू हो गइल बा। सरधालु गोरखनाथ मंदिर पहुंचि के दरसन–पूजन कइ रहल हवें।

**********

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लइकन के स्मार्ट फोन से दूर रहले क अपीलि कइले हवें। एगो रिपोर्ट–

**मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ने एक सोशल मीडिया पोस्ट में कहा है कि स्मार्टफोन का उपयोग केवल आवश्यकता अनुसार होना चाहिए। उन्होंने अपील की है कि वाहन चलाते समय स्मार्टफोन का प्रयोग न किया जाए। श्री योगी ने कहा है कि छोटे बच्चों को स्मार्ट फोन के उपयोग से दूर रखें, क्योंकि यह उनकी मानसिक स्थिति को प्रभावित करता है। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

वाराणसी में महिला लोगिन में स्तन कैंसर के स्क्रिनिंग अभियान के तहत 'नमो शक्ति रथ' के आजु राज्यसभा सांसद कार्तिकेय शर्मा, मंडलायुक्त एस.राज लिंगम आ जिलाधिकारी सत्येन्द्र कुमार हरियर झंडी देखा के रवाना कइलें। नमो शक्ति रथ के जरिये महिला लोगिन में स्तन कैंसर जइसन गम्भीर बेमारियन के नो टच के माध्यम से पता लगावल जाई। ई पुरहर तरीका से निःसुल्क होई।

**********

प्रदेस के पूरबी हिस्सा के कई जिलन में अजुओ दिन में घाम निकरल बाकिर गलन भरल ठंडी जारी रहल। मौसम विभाग बिहने पूरबी उत्तर प्रदेस में कहीं–कहीं घना कुहेसा परले क चेतावनी दिहले हौ।

**********